леўлерге бай лирикалық шығармаларында усындай көркемлик сыпатлар жийи ушырасады:

Даласы жоқ жерде кеңлик болмайды –
Тулпарлар тар жерде дойнақтан майырылар.
Данасы жоқ жерде теңлик болмайды –
Ўатан шайырынан айырылар!.. [2:26].

Шайырдың бул қосығында лирикалық қаҳарман турмыслық ҳәм жәмийетлик қубылыслардан өзинше жуўмақ шығара алатуғын, усы мәселелер әтирапында өзинше пикирлей алатуғын санасы ояў қаҳарман. Қосықта философиялық мазмун күшли. Буны шығармада автор параллелизм сүўретлеў усылы арқалы шебер жеткерип берген. Демек, философиялық мазмунға көбирек итибар бериў шайыр қосықларының және бир көркемлик сыпатларының бири болып табылады. Автордың төмендеги атама қойылмай жазылған қосығында усындай көркемлик мазмун өзинше сәўлелениўи менен парық қылады. Мәселен:

Батысқа қарасам – Арқа оңымда.
Шығысқа қарасам – Қубла оңымда.
Демек, бул дүньяның мәнисин уғыў –
Өзимниң қолымда! [2:58].

Бул инсанның өзлиги менен байланыслы философиялық қатарлар. Себеби, ҳәр бир инсан дүньяны өзинше қабыллайды, бул арқалы өзлигин таныйды. Ал, сыртқы дүньяны, ондағы қарама-қарсы қубылысларды қалайынша қабыллаў, түсиниў ҳәр бир инсанның ишки өзлигине, руўхый дүньясына ҳәм турмыслық тәжирийбелерине байланыслы. Демек, бул поэтикалық қатарларды бай өмирлик тәжирийбеге ийе, өзиниң әтирапында болып атырған қубылысларға саналы қатнас жасай алатуғын, ең баслысы, өзлигин аңлай алған лирикалық қаҳарманның ой жуўмақлары деп қабылласақ болады.

Улыўма айтқанда, Б.Генжемуратов 1980-2000-жыллардағы қарақалпақ әдебиятында, соның ишинде поэзияда әдебий процесстиң өзгеше бир бағытта, бурын көрилмеген бағдарларда раўажланыўына тәсир жасай алған өзинше поэтикалық пикирлеў дүньясына, өзиниң жеке ҳаўазына (стилине) ийе талантлы шайырлардың бири. Шайырдың жанрлық, формалық, стильлик изленислерин изертлеў ҳәзирги қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң алдында турған әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Ахметов С. Поэзия – 86. Дәўир, әдебият ҳәм талап. Әдебий жылдың жуўмағы. // «Әмиўдәрья», 1987, № 5.
2. Генжемуратов Б. Сайландылар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2012.
3. Бекбергенов А. Көркем шығарма тилин үйрениўдиң айырым мәселелери. // «Әмиўдәрья», 2003, № 5-6.
4. Сейитов Ш. Жоллар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
5. Генжемуратов Б. Саратан. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақола қорақалпоқ адабиётшунослигида долзарб масалалардан бири Б.Генжамуродовнинг граждалик лирикасининг бадиий хусусиятларини тадқиқ этишга бағишланган. Мақолада ушбу бадиий изланишлар шоирнинг 1980-2000-йиллардаги шеърияти мисолида таҳлил этилади. Ҳозирги адабий жараёнда лирика жанрининг янгича бадиий шакл ва интеллектуал хусусиятлар билан бойишида Б.Генжамуродовнинг бадиий изланишларининг ўрни илмий ва бадиий таҳлиллар асосида исботлаб берилади. Тадқиқотчи мақолада Б.Генжамуродовнинг граждан лирикасининг бадиий хусусиятларини адибнинг индивидуал услуби ва бадиий мушоҳада маҳорати билан боғлиқ очиб беради. Тадқиқотчининг шоир лирикасининг бадиий хусусиятлари бўйича илмий натижалари келажакда қорақалпоқ адабиётшунослигида индивидуал шоирлар, шу жумладан, Б.Генжамуродов лирикасини янгича илмий йўналишларда тадқиқ этишда асос вазифасини ўташи мумкин.

**РЕЗЮМЕ**

Эта статья посвящена исследованию одной из важных проблем каракалпакского литературоведения – изучению художественных особенностей гражданской лирики Бахтияра Генжемуратова. Эти художественные искания в статье анализируются на примере творчества поэта в 1980-2000 годах. В современном литературном процессе обогащение каракалпакской лирики новыми художественными формами и интеллектуальными свойствами Б.Генжемуратовым доказывается при помощи научно-художественного анализа. Исследователь раскрывает художественные особенности гражданской лирики Б.Генжемуратова с его индивидуальным стилем и мастерством художественного мышления. Выводы исследователя о художественных особенностях лирики поэта, могут послужить основой для изучения творчества индивидуальных поэтов, в том числе лирики Б.Генжемуратова в новых научных направлениях в современном каракалпакском литературоведении.

**SUMMARY**

This article is devoted to one of the most important problems of karakalpak literature study – to the learning of artistic peculiarities of civil lyrics of B.Genjemuratov. These artistic searchings are analyzed on the example of the lyrics of the poet in 1980-2000 s. In modern literary process enriching of lyrics with new artistic forms and intellectual properties by B.Genjemuratov is proved with the help of scientific and artistic analysis. The researcher reveals artistic peculiarities of civil lyrics of B.Genjemuratov with his individual style and mastery of artistic thought. Conclusions of the researcher about artistic peculiarities of the lyrics of the poet can serve as the basis to the learning of the works of individual poets, including the works of B.Genjemuratov in new scientific trends in modern karakalpak literature study.

**УДК: 398.2(575.172)**

# ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ПОВЕСТЬЛЕРИНДЕ ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫ МӘСЕЛЕСИ

**З.Б.Сагидуллаева** – *үлкен илимий хызметкер излениўши*

*Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** замонавий қиссалар, қаҳрамон образи, сюжет ва композиция тузишдаги маҳорат, объектив ва субъектив психологик принцип, воқеаларни поэтик тасвирлаш.

**Ключевые слова:** современные повести, образ героя, мастерство построения сюжета и композиции, принцип объективного и субъективного психологизма, поэтическая передача событий.

**Key wods:** the modern tales, image of the hero, skill of the building of the plot and composition, principle of objective and subjective psychologizm, poetical interpretation of events.

Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ повестьлеринде бурынғыдай зериктирерлик дәрежедеги ўақыт кеңислигиндеги дизбекли хронологиялық түрдеги баянлаўдан жаңаша бағдар-субъектив психологиялық принциптеги сюжет ҳәм композициялық қурылыс арқалы қаҳарманлар образын тереңнен ашыў, бизиң замандасларымыздың ойшыл характер-психологиясын көркем поэтикалық түрде талқылаў баслы орынға шықты.

Туўысқан халықлар әдебияттаныўында И.В.Страхов, С.Г.Бочаров, Л.Я.Гинзбург, В.В.Компонеец, М.Б.Храпченко, А.Б.Есин, А.В.Карельский, Л.Колобаева, Ҳ.Умуров, Д.Қуронов, У.Жўрақулов сыяқлы алымлардың көркем психологизм мәселеси бойынша мийнетлери жарық көрген еди [2]. Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде М.Нурмухаммедов, Қ.Камалов, Ж.Нарымбетов, С.Баҳадырова, К.Худайбергенovлар тәрепинен усы мәселе ҳаққында азы-кем пикирлер билдирилген болса, әдебиятшы Ж.Есенов бул бағдарда арнаўлы түрде изленис алып барған еди. Әдебиятшы-илимпаз, Ж.Есеновтың көрсетиўинше: «Көркем психологиялық сүўретлеў-бул жазыўшы шеберлигиниң айнасы, бул усылды батыл түрде меңгериў бизиң миллий реалистлик прозамыздың жоқары раўажланған әдебиятлардың идеялық-көркемлик дәрежесине қарай адым атып баратырғанлығын аңлатады» [1]. Мине, усындай көркем поэтикалық сүўретлеўлер белгили дәрежеде миллий әдебиятта повесть жаратыўда көзге түскен Ш.Уснатдинов, М.Нызанов, Г.Турсынова, А.Халмуратов, Ҳ.Өтемуратова, Б.Ерназаров сыяқлы жазыўшылардың шығармаларында орын алғаны байқалады.

Соңғы ўақытлары М.Нызанов миллий проза тараўында «Ақырет уйқысы», «Ақшагүл» ҳәм «Ҳаўа кемесиндеги екеў» сыяқлы повестьлерди дөреткен болса, биз бул мақаламызда усы жазыўшының «Ақырет уйқысы» повестинде образлар жасалыў шеберлиги ҳаққында сөз етпекшимиз. Әдебиятшы-илимпаздың турмыслықтан алып жазылған бул шығарманың баслы қаҳарманы – жасы тоқсаннан өткен Өтемурат өзи жасаған XX әсирде ҳәр қыйлы қыйыншылықлар менен алжасыўлар, репрессия дәўирлериниң гүўасы ретинде мудамы өмир, турмыс арпалысларына төтепки берип киятырған азамат, әпиўайы халықтың бир ўәкили сыпатында сүўретленген. М.Нызановтың инсан психологиясын тереңнен алып сүўретлеў принциплерине сүйениўи жазыўшы тәрепинен Өтемурат образы арқалы шығармада реал қаҳарман келбетин жаратыўға ерискенлигин атап өтиўге болады. Қаҳарманның бойындағы қәсийетлердиң барлығы повестьте оның тоқсан жыллық узақ өмириниң не бир асырымларын еске түсириўлери, және де оның ақырет уйқысында жатырғандағы галлюцинациялық процесслери менен түсинде көргенлери автордың дүнья әдебиятындағы жаңаша бағдардағы сүўретлеў усылларын жетик меңгергенлигинен дәрек береди.

Шығарма сюжетиниң барлық бөлимлери баслы қаҳарман Өтемураттың ҳалдан тайып, қан басымы себепли қулап жа-

тырғандағы сол ўақыттағы ҳалаты ҳәм өткендеги ўақыялар сюжет дүзиў көзкарасынан параллель түрде бериледи. Автор повестьти төмендеги эпиграф пенен баслайды:

«*Тоқсан жасайын деген жасым ба еди,*
*Арпа тақан ишейин деген асым ба еди!*»

Жазыўшы жоқарыдағы қосық қатарларына айрықша поэтикалық әҳмийет бере отырып, баслы қаҳарманның өз өтмишин ядқа түсириўи ретинде «*...Өтемурат усы еки қатар бәйитти я алты, я жети жасар пайытларында еситти. Адам балалығында есинде қалған гәпти өмир-өмиринше умытпас екен. Болмаса ол бул қосықты я китаптан, я басқа биреўлерден еситпеди. Сол сағыйра пайытында еситкени мийинде мәңги мөрленип қалды. Бул қосық қатарларын үйинде өзлери менен бирге жасайтуғын үлкен атасының қыз апасы Базар кемпир ўақты-ўақты айтатуғын еди*» [3:7]. Және де автор повестьтиң идеялық-эстетикалық бағытын баянлаўды усы Өтемураттың өмир жолы менен байланыста жүзеге асырады. Бизиң пикиримизше автор өмирдиң түп мәнисин философиялық ҳәм психологиялық планда ашып бериўди эстетикалық идеал дәрежесине көтериўди мақсет етеди. Айрықша жан ҳалатында, өлим менен өмир арасындағы шайқаста  жатырған мәўритлериндеги Өтемураттың анық сораў-жуўапларға толы болған ишки руўхый арпалыстағы жағдайлары менен усы бас қаҳарманның басып өткен өмир жолын салыстырып, параллель сүўретлеў арқалы жазыўшы оқыўшыларды терең ой сүриўге жетелейди, өмирдиң түп мәнисин аңлаўға, жақсы менен жаманды ажыратып билиўге умтылдырады.

Повестьте баслы қаҳарманның ақырет уйқысында жатырған ўақытлардағы толғанислары ҳәр қандай китап оқыўшысын бийпарық қалдырмаса керек. Әсиресе, Өтемураттың аналитикалық ойларының тереңнен алып көрсетилиўи, гейде жазыўшының өзине тийисли болған автор сөзи ҳәм әдебий қаҳарманның қысқаша ишки монологлары формасындағы сүўретлеўлер менен тығыз синтезленип, шығарманы тутас алып қарағанымызда повестьтеги көркем психологизмниң социаль жәмийетлик сыпатлары күшейтип берилген.

Жазыўшының қаҳарман образын ашыўдағы жәнe бир өзгешелиги-ишки монологларды өз орнында шеберлик пенен пайдалана билиўинде көзге тасланады. Бул жағдай тутасы менен алып қарағанда шығарманың көркемлик қунлылығын арттырып, қаҳарманның руўхый келбетин тереңнен  ашып көрсетиўге хызмет еткен. Өтемураттың балалық дәўириндеги ишки психологиялық тербенислерин ашып бериўде бундай көркем поэтикалық усыл М.Нызановтың дөретиўшилигине тән тенденция болып қалмай, ал бүгинги қарақалпақ миллий реалистлик прозасының белгили дәрежеде алға илгерилеп баратырғанлығын, оның көркем психологизм, улыўма көркемлик поэтикалық жетискенликлерге кем-кемнен кең адым атып атырғанлығы байқалады.

Әдебий қаҳарманның қан басымы жоқарылаўынан қулап қалған ўақытлардағы ҳалатларын дәлме-дәл сүўретлеўде оның өтмиш дәўирде бастан кеширген ўақыяларын еслеў, түс көриў, ядқа түсириўлерин гейде авторлық баянлаўлар менен қарыстырып, синтезлеп айрықша үлги жаратқаны «Ақырет уйқысы» повестиниң өзиншелик сыпатларын айқынластырып тур.

Шығармадағы жәнe бир айрықша өзгешеликлердиң бири, автор ҳәр қандай аўыр кеселге шатылған ямаса Өтемурат ғарры сыяқлы жасы тоқсаннан өтип бирден қулаған кексе инсанның ишки психологиялық келбетин оның қыймыл қозғалыслары менен жүдә сәтли ашқанлығын улыўма қаҳарман образларының турмыслық шынлыққа сәйкес реалистлик объективлиги менен дыққатымызды өзине тартып, жазыўшы дөретиўшилигиниң жәнe бир қырларын аңлатып турады. Повестьте орын алған төмендеги қатарларға итибар қаратайық. «*...Бир ўақытлары батыс тәрептен үлкен бир қара қус буған қарай ушып келе берди. Өтемурат қуслар көтериле алатуғын бийикликтен әлле қашан өтип кеткен жоқ па еди! Демек, қара қус бийик ушады екен-аў.... Соның арасынша Емберген қотыр буның дәл төбесине келип, қос аяқ пенен жаўырынына бир тепти. Өтемурат қаймығып үлгере алмай қалды. Аспандағы тепки жаман болады екен. Ол ылақтырған кесектей болып төменге қарай зымырады. Жол бойы асылып қалғандай ҳеш нәрсе болмады. Бултлар буны ирке алмады. Ақыры, келип дүрс ете қалды. Сол ўақытта тула бедени бир силкинди.*

*-Аға қыймылдады! Кара қыймылдады! - деди жас бала. Бул ақлығы Асқардың даўысы еди.*

*-Доктор, носилкаңызды әкелиң, үйге апарайық.  -Бул баласы Әжимурат. Даўысын таныды* [3:14].

Солай етип, Өтемурат ғарры сыртa ҳалдан тайып жығылған жеринен үйге алып келгеннен кейин де елеслерди, түс, ядқа түсириў формасындағы көринис детальларын көз алдына келтиреди, оның көз алдында пүткил тоқсан жастан аслам өмир жоллары бирим-бирим елеслеп, ядында мөрленип қалған ўақыялар сюжетке түсирилип, композициялық жақтан шебер түрде «есилип», мүлтигин билдирместен олардың ҳәммесине себепши болған социаль психологиялық шараятлардың себеплерин, олардың уңқыл-шуңқылын, қулласы, дәўир ҳәм әдебий қаҳарман образын терең ашып береди. Шығарманың сюжет детальларындағы Өтемураттың о дүньяда, ямаса бултлардың аржағында Емберген қотыр менен өзине жазықсыз азап берген, балалық дәўирине дақ салған Бекнияз доктор менен ушырасыўлары ҳәм олар туўралы еске түсириўлер формасындағы сюжет бөлекшелери автор тәрепинен негизги сюжетлик композициялық жақтан жүйи билинбеслик дәрежеде бириктирип, тутас шығарманың параллель сюжетлик композиция формасын дүзеди. Жазыўшы Өтемураттың еслеўлери арқалы жоқарыдағы көрсетилген Базар кемпирдиң өлими ҳәм оның жаназасы ўақтындағы сол дәўирлерге тийисли болған қарақалпақ халқының миллий этнографиясына тийисли мәселелер де  жас өспиримлер  психологиясы менен қосып алыныл тәсиршең ашылғаны өз гезегинде әдебий образлардың тереңлигин, олардың көркем психологизмин арттырып барады.

Мысалы: «*...аязлы күнлердиң биринде Өтемураттың айўанының, ишки бөлмелериниң де есиклерин кең ашып қойды. Адамлар аяқларын сүртпестен Базар кемпирдиң өли денеси қойылған кишкене өжирениң аўзына дейин сырттан даўыс шығарып келер еди. Иште өжирениң ярымына пешахана тутылған. Онда марҳум кемпир жатыр. Бержағында Өтемураттың кемпир апасы Генжегүл, анасы Әнжим, жақында турмысқа шығып кеткен әжапасы Ҳүрлийха менен кишкене әжапасы Злийха отыр. Оннан пәсиректе аўылдың ҳаяллары*» [3:15].

Булар қарақалпақ халқында өли шығарыў дәстүриниң типик көриниси болыўы менен бирге ол негизинде балалар психологиясына сәйкес, бас қаҳарманның балалық қыялға сиңдирилген ишки руўхый дүньясын ашып бериўде белгили әҳмийетке ийе.

Өтемураттың студентлер менен бирге фольклорлық материаллар жыйнаў ўақытларындағы ўақыялар да, илим изертлеў институтында ислеп жүргенде оның үстинен аноним арза түсиў эпизоды ҳәм тағы басқа сюжетлик ўақыялардың барлығы оның өлер алдындағы еске түсириўи, гә сандырақлаўы, түс көриўлери, көз алдына келтириўлери М.Нызанов тәрепинен турмысқа сәйкес түрде сәўлелендирилгенлиги шығарманың тәсирлилигин арттырып барады.

Повестьте «Ақырет уйқысы»на байланыслы оның сюжетлик композициялық раўажланыўы менен конфликтлик шийеленисиўи барысында айырым ўақыялардың ерси ҳәм исенимсизлиги, жазыўшы тәрепинен жасалма сүўретленгенлиги де байқалады. Деген менен, жазыўшының соңғы дәўирдеги прозадағы жетекши тенденциялардан пайдаланыўы оның қунлылығын арттырыўға хызмет еткен.

**Әдебиятлар**


1. Бобохонов.М. Ҳозирги ўзбек қиссачилигида психологизм. АКД. -Тошкент: 2012.
2. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
3. Нызанов.М. «Ақырет уйқысы». -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009.
4. Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.



**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада замонавий қорақалпоқ повестьларининг ривожланиши муаммолари ҳақида сўз боради. Унда қорақалпоқ повестларидаги қаҳрамон образини очишдаги асосий мезонлар белгиланган. Асосий муаммо ёзувчи М.Низановнинг «Оқират уйқуси» асари мисолида ўрганилади. Асардаги сюжет-композицион изланишлар образ яратиш маҳорати билан боғлиқ ҳолатда талқин қилинган. Қаҳрамон образини яратишдаги конфликт детальларга ҳам эътибор қаратилган.



**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена изучению актуальной проблемы тенденций развития современных каракалпакских повестей на примере произведения М.Нызанова «Ақырет уйқысы» («Сон при смерти»). Автор указывает критерии, способствовавшие  раскрытию писателем образа главного героя произведения. Поиск писателем приёмов сюжетно-композиционного построения произведения анализируется в тесной связи с мастерством раскрытия образа главного персонажа произведения. Обращается внимание на детали, лёгшие в основу конфликта.



**SUMMARY**

The article is devoted to the study of an actual problem of tendencies of modern Karakalpak stories development on the example of M. Nyzanov's work  "A dream at deaths door". The author describes the criteria promoting disclosure by the writer of an image of the main hero of the work. The writer’s lock for the devices of the plot-compositional structure of the work is analyzed in close connection with skill of disclosure of an image of the main character of the work. The attention is paid to the details which have formed the conflict basis.